



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA
2020 AN: KREYASYON YON KONPLÈKS EMPIRE STATION 21YÈM SYÈK NAN
MANHATTAN**

*Plan an gen ladan Transfòmasyon Penn Station ki la Kounye a, Entegrasyon Sal
Dantre Tren Moynihan Train Hall la, ak Acha Blòk Tèren ki Osid
Penn Station lan pou Kreye Yon Konplèks Tren ak Subway ki Entèkonekte*

*L ap Ogmante Kapasite Ray ak Kapasite Tren yo 40 Pousan Anplis epi Kreye
Nouvo Tèminal ki pi Laj*

*Empire State Development pral fè Patenarya ak MTA ak Amtrak pou Konplete
Pwojè a*

Gade Prezantasyon Gouvènè a nan Fòm PowerPoint [La a](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale 30yèm pwopozisyon ki nan Ajenda Diskou Eta Leta 2020 li an: kreyasyon Konplèks Empire Station lan - ki se yon konplèks transpò piblik 21yèm syèk nan Zòn Lwès Manhattan. Pandan yon diskou li te bay nan Asosyasyon pou yon Pi Bon New York la (Association for a Better New York, ABNY), Gouvènè a te anonse plan pou transfòme lokal Penn Station ki la kounye a, ajoute sal datant Moynihan Train Hall la ki pral fini talè konsa epi achte blòk tèren ki osid Penn Station lan pou kreye yon konplèks tren ak subway agrandi, remodle ak entèkonekte. Plan an kreye nouvo tèminal ki pi laj, epi li pral ogmante kapasite ray ak kapasite tren yo 40 pousan anplis - sa k ap abòde pwoblèm prensipal ki pi presan nan sant transpò piblik ki pi frekante nan Emisfè Lwès la.

"Pandan plis pase yon syèk, enfrastrikti transpò New York la te alimante kwasans nou, espesyalman nan Vil New York, epi apre anpil deseni pale anpil san pran okenn vrè aksyon, n ap investi yon lòt fwa ankò nan gran pwojè piblik pou sipòte yon ekonomi ki pi djanm. Nou te konstwi plis pase tout lòt eta nan nasyon an, epi kounye a n ap pran yon lòt gran pa ankò pou n abòde youn nan lyen ki pi fèb ki genyen nan sistèm transpò piblik nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Agrandisman sa a k ap fèt nan blòk tèren ki osid estasyon Penn lan — melanje ak sal datant Moynihan Train Hall la ak transfòmasyon k ap fèt nan etablisman estasyon Penn ki la kounye a — pral kreye yon Konplèks Empire Station entèkonekte ki gen kalib mondyal ki pral agrandi kapasite l vin 40 pousan anplis. Sa a pral amelyore fason plis pase mwatye milyon Nouyòkè deplase, vwayaje ak al travay chak jou, pandan l ap transfòme estasyon Penn lan pou l vin tounen etablisman ki gen kalib mondyal ke Empire State la merite a."

Eleman enpòtan ki nan Plan Konplèks Empire Station lan gen ladan acha pwopriyete ki chita osid Penn Station lan pou pèmèt yo ajoute omwen uit nouvo ray anba tè ki pral ranfòse kapasite Penn Station lan anviwon 40 pousan anplis; y ap anvizaje transfòmè sal teyat MSG Theater a ki nan 8th Avenue pou l vin tounen yon antre ki gen kalib mondyal pou Penn Station; epi katalize opòtinite yo pou devlopman ozalantou Penn Station pou kreye yon nouvo motè ekonomik pou vil la ak eta a ak yon mekanis finansman pou ede finance amelyorasyon k ap fèt nan Penn lan yo. Amtrak, ki se mèt Penn Station ki la kounye a, pral patisipe nan planifikasyon ak finansman pwojè istorik sa a. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ke Eta New York, Amtrak ak lòt pati konsène yo pral fè patenarya ak yon ekip konseye an konsepsyon - sou direksyon FXCollaborative - pou elabore epi reyalize plan nou genyen pou transfòmè Penn Station ki la kounye a.

Penn Station New York la se etablisman transpò piblik ki pi frekante nan Emisfè Lwès la, kote l sèvi plis pasaje pase ayewopò John F. Kennedy, LaGuardia, ak Newark melanje ansanm. Chak jou, plis pase 650,000 pasaje oblije navige labirent etwat anba tè estasyon an, ki pa gen limyè natirèl ditou, pano oryantasyon yo pa konsistan, ni pa gen ase zòn datant. Koridò ak zòn datant Penn Station yo gen twòp moun, platfòm li yo ak ray li yo sichaje, epi sitiyoasyon an ap vin deplizanpli pi mal — avèk reta yo, yon pil pwoblèm antretyen, pwoblèm sekirite ak pwoteksyon grav ak aksesibilite inadapte vin tounen pwoblèm ki rive regilyèman.

Nouvo konplèks sa a, k ap kapab kenbe plis pasaje pase jamè avan, pral sipòte efò Eta ap fè pou l redui anbouteyaj -- ki gen ladan pwogram Peyaj nan Distri Biznis Santral la (Central Business District Tolling) -- pou nou ka fè plis moun sispann kondi machin yo pou fè yo itilize yon rezo transpò komen ki nan kalib 21yèm syèk la.

Amelyorasyon ijan yo deja ap fèt, ki gen ladan nouvo sal datant Moynihan Train Hall la ak koridò LIRR la yo agrandi, ki pral redui anbouteyaj akoutèm epi amelyore eksperyans pasaje yo. An menm tan, pwojè ki gen enpòtans rejyonal yo tankou Aksè Zòn Lès la (East Side Access), Twazyèm Ray LIRR la, ak Pwojè Aksè Metro-North Penn lan (Metro-North Penn Access Project), pral ogmante kapasite LIRR ak Metro North, sa k ap atire plis pasaje vin itilize Penn Station. Lè yo konsidere yo ansanm, inisyativ sa yo prezante alafwa yon bezwen enpòtan ak yon gran opòtinite pou reyimajine Penn Station agrand echèl.

Konplèks Empire Station lan

Plan Konplèks Empire Station lan pral agrandi avantaj pwojè Eta ap fè deja yo, konstwi nouvo tèmininal ki pi laj nan konplèks la, epi agrandi kapasite ray ak kapasite tren estasyon an yo nan yon fason konsiderab. Plan an kreye plizyè pwen daksè tou pou al nan wout tren Penn Station yo, sa k ap grandman redui anbouteyaj ak ranfòse sekirite.

Empire State Development, ki pral elabore Plan Jeneral Pwojè a (General Project Plan) an kolaborasyon ak MTA ak Amtrak, pral sipèvizè plan an. MTA pral responsab pou eleman planifikasyon transpò pwojè a ak plan pou transfòmè Penn Station lan.

Nan kad Plan Konplèks Empire Station lan, yo pral achte pwopriyete ki sitiye nan blòk tèren ki osid Penn Station lan, sa k ap pèmèt enfrastriki anba tè Penn Station lan agrandi nan direksyon sid. Sa a reprezante premye agrandisman k ap fèt nan

enfrastrikti estriktirèl Penn Station depi lè yo te fin konstwi estasyon sa a an 1910, epi sa pral pèmèt yo kreye omwen uit nouvo ray, k ap ranfòse kapasite ray ak kapasite tren yo anviwon 40 pousan anplis.

Pandan tout dire pwosesis la, Empire State Development ak MTA pral travay ak tout pati konsène nan kominote lokal yo, pami yo Vil New York, Konsèy Kominotè yo, gwoup sivik yo, mèt pwopriyete ki afekte yo, fonksyonè eli yo ak New Jersey Transit, pou asire bezwen yo reprezante nan plan devlopman final la.

Eta a pral anvizaje achte sal teyat Madison Square Garden Theater a, k ap pèmèt posiblite pou ouvri Penn epi kreye yon nouvo grand antre nan 8th Avenue k ap longè yon blòk antye.

Plan an pral kreye opòtinite pou redevlopman tou nan blòk ki ozanlantou Penn Station yo, sa k ap prepare tèren an pou transfòme bilding ansyen yo pa itilize ase yo pou yo vin tounen nouvo motè ekonomik pou New York. Yon kad ki kapte valè pral melanje Peman Olye Taks (Payments In Lieu of Taxes, PILOT) ak revni k ap soti nan nouvo devlopman komèsyal ki nan distri a pou ede finanse revitalizasyon Penn Station lan. Ogmantasyon revni ak taks sou lavant k ap soti nan distri a pral alafwa nan avantaj Eta New York ansanm ak Vil New York. Devlopman komèsyal nan zòn ozalantou a pral gen ladan nouvo antre yo ak koneksyon alafwa pou Penn Station ak sistèm subway a, ki pral plis ogmante aksè a transpò komen pou tout katye a nèt.

Plan transfòmasyonèl sa a pral grandman amelyore sikilasyon pasaje yo, redui anbouteyaj pou pasaje ak tren yo, epi pèmèt limyè natirèl antre nan konplèks la. Tout amelyorasyon sa yo pral rann aksè pou rantre nan, epi evakye nouvo Konplèks Empire Station lan pi fasil, sa k ap ogmante sekirite ak pwoteksyon pou plis pase 650,000 pasaje k ap vwayaje al nan etablisman an chak jou.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)